



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ 4.7 MILYON DOLA POU REYABILITE PON SOU THRUWAY NAN KONTE HERKIMER

*Pwojè a gen ladan nouvo reparasyon teras an beton ak estrikti sipò*

*Yo prevwa pwojè a ap fini nan otòn 2025*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman yon pwojè 4.7 milyon dola pou reyabilite pon I-90 ki nan direksyon lès ak direksyon lwès sou Sterling Creek (pòs kilomèt 227.4 ak 227.41) nan Konte Herkimer. Pon yo, ki chita ant sòti 30 (Herkimer - Mohawk - NY Route 28) ak sòti 31 (Utica - I-790 - NY Routes 8 ak 12), yo te konstwi an 1954 epi yo transpòte apeprè 26,000 machin pa jou. Pon yo fè pati sistèm Thruway Eta New York orijinal la epi yo pami 75 pousan pon Thruway ki gen plis pase 60 lane.

"New York se investisman nan rekonstwi ak amelyore enfrastrikti nou yo atravè eta a, pou asire sistèm transpò nou yo an sekirite ak fyab," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a se youn nan anpil ki pral amelyore Thruway la epi asire wout nou yo efikas pou tout rezidan ak vizitè yo."

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare,** "Otorite Thruway pran angajman pou li abòde enfrastrikti ki vyeyi epi pou li investi nan pwojè pou amelyore sekirite ak fyabilite. Pwojè sa a se youn nan plizyè douzèn sou Thruway ki konsantre sou modènize wout nou an, re-investi revni peyaj yo tounen nan sistèm nan pou tounen pwojè enfrastrikti enpòtan atravè sistèm nan."

Pwojè a gen ladan reparasyon estrikti sipò an beton ki gen yon pati nan pwofondè, enstalasyon nouvo pwen kontwòl, konstriksyon yon nouvo teras an beton, nouvo ray gid ak nouvo bann ansanm ak asfalt 200 pye apwòch yo sou tou de bò pon yo. Apati semèn sa a, tout trafik nan direksyon lès ak direksyon lwès sou I-90 nan pon yo pral deplase sou liy direksyon lwès yo pou travay sou pon lès la.

Nan otòn 2024, lè travay sou nouvo pon direksyon lès la fini, trafik yo pral tounen nan konfigirasyon orijinal la pou sezon ivè a. Nan prentan 2025, tout trafik yo pral deplase sou liy direksyon lès yo, pou travay yo kòmans sou pon direksyon lwès yo. Chofè yo ka rankontre ralantisman oswa arè nan sikilasyon sou Thruway pandan konstriksyon an. Pano Mesaj Varyab pral avize otomobilis yo sou travay konstriksyon an. Winn

Construction Corp. nan Amsterdam, NY se kontraktè pwojè ki swiv yon pwosesis òf konpetitif. Yo prevwa pwojè konplè a ta dwe fini nan otòn 2025. Travay la depann de sityasyon meteyo a, epi dat yo ka chanje.

**Manm Asanble Robert Smullen te deklare,** "Resous yo retounen nan Mohawk Valley tankou pwojè reyabilitasyon 4.7 milyon dola sa a pou renove pon I-90 nan direksyon lès ak direksyon lwès sou Sterling Creek nan Konte Herkimer yo enpòtan. De pon sa yo gen 70 lane kounye a epi yo dwe byen konsève pou pèmèt plis pase 26,000 vwayajè ki frekante yo chak jou travèse an sekirite. Rezidan Konte Herkimer ak premye sekouris yo bezwen konnen ke pon lokal nou yo ak enfrastrikti yo ap vin an sekirite nan nivo eta a — Mwen espere wè efò revitalizasyon sa yo fini nan otòn 2025."

Chofè veyikil amotè yo ta dwe rete veyatif epi respekte limit vitès ki afiche nan zòn travo yo. Amann yo double pou twòp vitès yon zòn travay.

Pou plis amelyore sekirite travayè yo nan yon zòn travay, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki etabli pwogram pilòt Otomatik pou Kontwòl Vitès Zòn Travay la. Pwogram ranfòsman sekirite a te kòmanse an avril 2023 epi li ap an vigè nan plizyè zòn konstriksyon aktif sou Thruway la. Zòn travay avèk ranfòsman sou kamera vitès yo pral gen siyal klè ki mennen nan zòn travay la. Yo pral peye bay amann pou otomobilis ki vyole limit vitès ki afiche nan zòn travay la. Y ap voye pa lapòs amann pou vyolasyon yo bay pwopriyetè veyikil ki anrejistre a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan [isit la](#).

Depi 2021, Otorite Thruway te re-vesti plis pase 182.5 milyon dola nan pwojè amelyorasyon kapital nan Divizyon Syracuse, ki kouvri apeprè 246 kilomèt ant Herkimer ak Konte Ontario. Pandan senk ane ki ap vini yo, Pwogram Kapital Otorite Thruway la prevwa li ap investi plis pase 395.5 milyon dola nan Rejyon Santral New York.

Pou jwenn enfòmasyon ajou sou vwayaj, nou ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Vwayajè yo ka vizite tou [Kat Vwayajè](#) entèaktif la ki gen kamera sikilasyon an dirèk. Otomobilis yo kapab enskri tou pou resevwa imèl [TRANSalert](#) imèl ki bay dènye kondisyon trafik yo sou Thruway la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)